# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Халық билимлендириў тараўындағы барлық хызмèткерлер арасында жас өзгешеликлерине қарап сынаў түрлери ҳәм өлшемлерин инабатқа алып, спорт сынаўларын өткериў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 16-июнь күнги *"Халықтың физикалық таярлық дәрежесин баҳалаў системасын енгизиўдиң шөлкемлестириўшилик ис-илажлары ҳаққында"*ғы ПҚ-5148-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў, елимизде дене тәрбия ҳәм спортты жәнеде раўажландырыў, оларды ғалабалық ҳәрекетке айландырыў, халықтың физикалық қәбилетин анықлаў ҳәм хошаметлеў, зыянлы әдетлер ҳәмде түрли кеселликлердиң алдын алыў ҳәм саламат турмыс тәризи көнликпелерин қәлиплестириў, сондай-ақ, мәмлекетлик ҳәмде мәмлекетлик емес шөлкемлерде, мәкемелерде, мийнет жәмәәтлери ҳәм басқада орынлардағы хызметкерлер арасында саламат турмыс тәризин кең үгит–нәсиятлаў, дене тәрбия ҳәм спорт жумысын шөлкемлестириў мақсетинде

**Б У Й Ы Р А М А Н :**

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 16-июнь күнги ПҚ-5148-санлы қарары, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 18-октябрь күнги 04-04/3-1117-санлы хаты басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. ***Қарарға муўапық:***

- 2021-жыл 1-август күнинен баслап халықтың физикалық таярлық дәрежесин баҳалаў системасы енгизилетуғынлығы;
- Баҳалаў системасы бойынша спорт сынаўлары арнаўлы ҳәм ықтыярлы түрде халықтың 7 жастан 70 жасқа шекем болған қатламы ҳәм оннан үлкен жастағылардың физикалық таярлығын анықлайтуғынлығы;
- спорт сынаўлары әпиўайы ҳәм қурамалылық дәрежесинен келип шығып, 15 түрдеги, солардан узақ ҳәм қысқа аралықларға жуўырыў ҳәмде жүзиў, турникте тартылыў, үскенелерди ылақтырыў ҳәм басқа шынығыўлардан ибарат екенлиги;
- спорт сынаўлары қатнасыўшылары 11 жас өзгешеликлери бойынша ийелеген орны ҳәм дәрежесине қарап спорт разрядлары ҳәм дәрежелери берилетуғынлығы ҳәмде олар материаллық ҳәм басқа да сауғалар менен хошаметленетуғынлығы **белгилеп қойылсын**.

3. ***Хатқа муўапық,*** халық билимлендириў тараўындағы барлық хызметкерлер арасында (қәлеўи бойынша) жас өзгешеликлерине қарап сынаў түрлери ҳәм көрсетикишлерин инабатқа алып, усы жылдың **22-27-октябрь күнлери *"физикалық таярлық дәрежеси" спорт сынаўлары*** өткерилсин.
4. Өзбекстан Республикасы Туризм ҳәм спорт министрлиги тәрепинен 2021-жыл тастыйықланған, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 16-июнь күнги ПҚ-5148-санлы қарарына муўапық ислеп шығылған **жас өзгешеликлери бойынша *"физикалық таярлық дәрежеси" спорт сынаўлары*ның түрлери ҳәм көрсеткишлери** мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

5. **Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасарлары, бөлим баслықлары, министрликке қарaслы билимлендириў мәкемелери баслықлары** хызметкерлердиң, *физикалық таярлық дәрежесин баҳалаўшы* **спорт сынаўларын** тапсырыўда белсендилик көрсетиўин қадағалаўға алсын.
6. **Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими (Б.Байниязов)не:**

- Халық билимлендириў тараўындағы хызметкерлер, оқытыўшылар ҳәм оқыўшылар арасында **"физикалық таярлық дәрежеси"** спорт сынаўларын ҳәр жылы белгиленген мүддетлерде жоқары дәрежеде өткерилиўин шөлкемлестирилиўин қадағалаўға алсын ҳәм нәтийжелери бойынша турақлы мониторинг алып барыў;
- халық билимлендириў тараўында спорт сынаўларының ҳәр жылы турақлы түрде өткерилип барылыўын ҳәмде хызметкерлер арасында (қәлеўи бойынша) белсенди қатнасыўын тәмийинлеў илажларын көриў;
- спорт сынаўларын өткериў, жеңимпазларды хошаметлеў ҳәмде халық билимлендириў тараўында жумыс ислеп атырған ***«Спорт үгит-нәсиятшысы»*** хызметкериниң қысқа мүддетли қәнигелигин асырыў;
- спорт сынаўларының (ықтыярлы ҳәм арнаўлы талапларын орынлаған) жеңимпазларды сыйлықлаў мәресимлерин салтанатлы түрде әмелге асырыў;
- спорт сынаўлары өткерилетуғын орны, сәнеси, режеси ҳәм шәртлери ҳаққында мағлыўматлар ғалаба хабар қураллары арқалы кеминде бир ай алдын дағазаланыўын тәмийинлеў;
- қала ҳәм районларда спорт сынаўларының арнаўлы талапларын орынлаў ушын айрықша орынларды таярлаў ҳәм спорт сынаўларын өткериў ушын тийисли шәрт-шараятларды жаратыў;
- арнаўлы спорт сынаўлары нәтийжелериниң орынларда әдил түрде өтиўин тәмийинлеў;
- халық билимлендириў тараўындағы хызметкерлер, оқытыўшылар ҳәм оқыўшылар арасында өткерилген "физикалық таярлық дәрежеси" спорт сынаўларының нәтийжеси бойынша жазба мағлыўматларды сүўретлери менен усы жылдың 28-октябрь күнине шекем Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Орайлық Кеңесине жеткерип бериў ўазыйпалары жүкленсин.

7. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелери директорларына:**

- Қарардың мазмун–әҳмийетин басшылығыңыздағы билимлендириў мәкемелериниң хызметкерлери, оқытыўшы ҳәм оқыўшыларына түсиндириў жумысларын алып барыў;
- Қарарға муўапық ислеп шығылған, жас өзгешеликлери бойынша *"физикалық таярлық дәрежеси" спорт сынаўлары*ның түрлери ҳәм көрсеткишлери тийкарында, жоқары дәрежеде белгиленген мүддетлерде шөлкемлестирилиўин жолға қойыў;
- қала ҳәм районларда *"физикалық таярлық дәрежеси"* спорт сынаўларының арнаўлы талапларын орынлаў ушын айрықша орынларды таярлаў ҳәм спорт сынаўларын өткериў ушын тийисли шәрт-шараятларды жаратыў;
- спорт сынаўларын өткериў, жеңимпазларды хошаметлеў ҳәмде халық билимлендириў тараўында жумыс ислеп атырған ***«Спорт үгит-нәсиятшысы»*** хызметкериниң қысқа мүддетли қәнигелигин асырыў;
- арнаўлы спорт сынаўлары нәтийжелериниң орынларда әдил түрде өтиўин тәмийинлеў;

- әмелге асырылған жумыслар бойынша мағлыўматларды, 1 күн мүддетте Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлимине жеткерип бериў ўазыйпалары жүклетилсин.

8. *"физикалық таярлық дәрежеси" спорт сынаўлары* белгиленген мүддетлерде өткерилиўи ҳәмде барлық хызметкерлердиң, оқытыўшы ҳәм оқыўшылардың қатнасыўын тәмийинлеў ушын барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары, Республикалық билимлендириў мәкемелери ҳәм улыўма орта билим бериў мектеплери директорларының жеке өзлери жуўапкер екенлиги белгилеп қойылсын.

9. **Министрликтиң физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў бөлими (М.Есбосынов)не:**

- усы буйрықты бир күн мүддетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине, Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелерине жеткериў ўазыйпасы жүкленсин.

10. Министрликтиң баспа сөз хызмети **(Т.Даўлетмуратов)не:**

- усы буйрық пенен берилген тапсырмалар бойынша әмелге асырылып атырған жумысларды, сондай-ақ, өткерилетуғын спорт илажларынан көринислерди министрликтиң расмий веб-сайты (***kkedu.uz***)на жайластырып, кең жәмәәтшиликке жәриялап барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

11. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыўды өзимде қалдыраман.

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI *

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
«19» октябрь 2021-жыл
№ 225